

FEMA/Leta ap Sipòte Sinistre Ida yo ak Solisyon Lojman ak Kay Tanporè nan Sèl Wout pou Retablisman

Release Date: Septanm 30, 2021

BATON ROUGE, La. – FEMA ak Eta Louisiana ap travay ansanm pou asire sinistre Siklòn Ida yo ki ap viv nan komin ki touche anpil yo genyen kote pou yo rete ak sekirite yon fason tanporè pandan yo ap pran dispozisyon pou retabli yo.

Pou fè fas ak kriz fwaye ak lojman nan Sidès Louisiana, leta etabli kèk solisyon tanporè, ki genyen ladan li yon pwogram lojman ki pa gwoupe ki ap itilize machin vakans, tankou kay mobil. Lojman ki pa kolektif yo se anplasman kote yon moun oswa yon fanmi kapab viv ak sekirite ak yon sèten degre entimite. Pwogram sa pral konsantre sou komin ki plis frape yo, pandan li ap founi kèk èd rapid pou lojman jiskaske pwogram Lojman Dirèk FEMA a anplas nèt.

Yo pral ouvri yon sant apèl nan kòmansman lòt semèn pou moun ki enterese ak opsyon lojman leta ap jere a. Sinistre yo pral kapab jwenn nimewo sant apèl yo nan GetAGamePlan.org menm kote li etabli a. Mesaj piblik yo tou pral fèt depi sant apèl la ouvri.

FEMA apwouve asistans dirèk pou lojman tanporè pou 10 komin ki plis frape yo: Jefferson, Lafourche, Livingston, Plaquemines, St. Bernard, St. Helena, St. James, St. John the Baptist, Tangipahoa, ak Terrebonne. Pwogram sa mete plizyè solisyon adisyonèl lojman pwovizwa pou sinistre Louisiana yo. Poutan, pwogram sa kapab pran mwa pou konplete paske souvan yo dwe evalye kote ak zòn inondasyon yo, pou enstalasyon sèvis piblik ak konstriksyon, pami lòt bagay ki pou fèt, avan yo disponib. Se pou sa pwogram lojman tanporè rapid leta a se yon pon enpòtan pou retablisman.

Pwogram Dirèk Lojman genyen twa opsyon prensipal:

- Inite Lojman Tanporè tankou kay mobil oswa kay tou fèt;
- Lwaye Dirèk, ki se lojman ki deja la ki prè pou yo itilize; epi



FEMA

Page 1 of 3

- Multi-Family Lease and Repair, kote FEMA fè kontra lokasyon ak pwopriyetè kay pou lwe plizyè fanmi yo (sa vle di de oswa plis inite) epi fè reparasyon pou yo kapab founi kandida yo yon lojman tanporè.

Lojman tanporè dirèk pa yon solisyon rapid ak bezwen lojman pou sinistre pwovizwa ak pi lontèm yo paske li pran anpil tan pou li reyalize. Diplis, se pa tout viktim ida yo ki pral kalifye pou lojman dirèk. Alòs, li enpòtan pou asosye tout nivo - lokal, leta, lòt federal, òganizasyon benevòl ak sektè prive - travay ansanm pou konble tout mank.

Sinistre ki te aplike pou asistans nan FEMA pa bezwen aplike ankò pou kalifye pou Lojman Dirèk. Si yon sinistre pa te ko aplike pou FEMA, yo kapab fè li nan [DisasterAssistance.gov](https://www.disasterassistance.gov) oswa rele nan Lij Èd FEMA nan 1-800-621-3362.

Menm si lojman ki pa kolektif yo ak solisyon Lojman Dirèk yo disponib pou sinistre ki nan plis bezwen yo, genyen bagay viktim ki afekte nan Louisiana yo kapab fè pou asire yon plas ki genyen sekirite pou rete. Sinistre yo dwe kreye pwòp lojman ak plan lojman yo. Konnen objektif retablisman yo pèmèt sinistre yo pran dispozisyon nan bon direksyon pou yo rive la.

Èd finansyè FEMA rete mwayen prensipal pou ede sinistre yo. Èd sa genyen ladan li asistans pou lwaye, ki se lajan pou sinistre kalifye yo pou yo lwe yon fason tanporè yon lòt kote pou yo viv, tankou yon kay, apatman, otèl oswa chanm motèl, oswa kay mobil pandan reparasyon ap fèt nan rezidans prensipal yo. Yo kapab oryante anpil moun tou bay youn nan ajans asosye yo tankou Administrasyon Ti Biznis Ameriken (U.S. Small Business Administration SBA).

Sinistre ki kalifye pou pwogram Asistans Tanporè Lojman (**Transitional Sheltering Assistance TSA**) dwe kontinye pran avantaj asistans sa jiskake lòt solisyon vin disponib.

Si sinistre yo bezwen èd lojman rapid, yo kapab ekri LASHelter nan 898211 oswa fè 211 pou lokalize yon lojman. Tout lojman nan leta yo itilize mezi sekirite COVID-19 yo epi yo ekipe ak kit COVID. La a, sinistre yo pral genyen sekirite epi genyen aksè ak konseye pou sipòte yo nan lòt etap yo.

Enpòtan, sinistre yo bezwen rete an kontak ak FEMA lè plan ak enfòmasyon pou kontakte yo chanje. Lè nimewo telefòn oswa adrès postal ou chanje, FEMA pa ka



rive jwenn ou. Enben, apre ou fin aplike pou asistans pou katastwòf la, ou bezwen fè FEMA konnen chak fwa enfòmasyon ou yo chanje. Patikilye ak fanmi kapab kalifye pou diferan pwogram pandan yo ap avanse ak retablisman yo.

Pou jwenn dènye enfòmasyon yo, ale sou fema.gov/disaster/4611. Swiv kont Twitter FEMA Rejyon 6 la twitter.com/FEMARegion6 oswa sou Facebook nan facebook.com/FEMARegion6/.



FEMA

Page 3 of 3